



Office Burundais des Recettes

"Je suis fier de contribuer à la construction du Burundi"

COMMISSARIAT GENERAL

N/Réf : 540/92/CG/01/.....7060/JCM/2023

ITANGAZO RIJANYE NO KURIHA ITAGISI RY'URUHUSHA RWO KWUBAKA MU GISAGARA

Ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi mu Burundi (OBR) kiramenyesheje abatangakori ko ibiri mw'ibwirizwa n°1/16 ryo ku wa 28 ruheshi 2023 rigenga amafaranga reta ikoresha mu mwaka wa 2023 ushira 2024, ku ngingo yaryo y'100 bitegerezwa gukurikizwa. Ni ukuvuga : imbere yo kwubaka aho ariho hose mu gisagara, ubanza kubisabira uruhusha no mu gutanga itagisi ringana n'ibice bingana na 0.8% vy'amafaranga yose azokoresha mu kwubaka iyo nzu igihe ayo mafaranga azokoresha ari musi canke angana n'imiryoni amajana abiri na mirongo itanu (250 000 000) y'amarundi, canke itagisi ringana n'ibice bibiri kw'ijana (2%) y'amafaranga yose azokoresha mu kwubaka iyo nzu, igihe ayo azokoresha arenga imiryoni amajana abiri na mirongo itanu (250 000 000) y'amarundi.

Kurivyo, turibukije umuntu wese ariko arubaka canke ashaka gutangura kwubaka mu gisagara kuriha adatevye iryo kori atarishe naho azoba yikwegeye ibihano bitegekanijwe n'amategeko.

Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 13 /12/ 2023

LE COMMISSAIRE GENERAL



Jean Claude MANIRAKIZA

P. K. RABURA
CGA